

## ***Komisyon Jistis ak Lapè Dyosèz Okay***

Mesaj ki sòti nan setyèm Asanble Jeneral Jistis ak Lapè Dyosèz Okay ki te fèt nan Labòd sòti 26 rive 29 daou 2004 sou tèm : “**Jistis ak Lapè, yon zouti pou bati Lapè**”

Delege ki sòti nan divès komisyon pawasyal anndan dyosèz la te reyini ansanm pandan twa jou pou pataje eksperyans travay yo, epi reflechi sou tèm “**Lapè**” pandan yo t ap eseye konprann ki sa Lapè a ye, ki egzijans li mande epitou ki sa yo menm kòm manm Jilap yo kapab fè konkrèman pou ede bati Lapè nan peyi a.

### **Men sa ki sòti nan refleksyon yo**

Jodi a, nou konstate anpil moun ap pale de Lapè nan peyi d Ayiti. Se vre Lapè se yon nesosite, yon bezwen reyèl pou sosyete a. Se yon bèl objektif nou vle rapouswiv ansanm.

Sepandan, nou konstate nan jou sa yo, gen anpil fenomèn ki pa mache ak Lapè sa n ap chèche a, tankou :

- Nèg oubyen gwoup nèg ak zam k ap simaye ensekirite nan mitan popilasyon an,
- Moun k ap fè tèt yo jistis yo menm, pandan y ap touye lòt moun parèy yo sou pretèks yo se lougawou oubyen pou lòt rezon,
- Kriminèl ki sove nan prizon k ap sikile libelibè nan peyi a,
- Kasèk nan kèk zòn ki kontinye ap fè jijman pou lajan epi k ap konpòte yo kòm chèf seksyon,
- Gadavi nan kèk komisarya polis ki toujou rete yon kote y ap maltrete moun,
- Anpil krim k ap komèt nan Depatman Sid la yon fason nou pa t konn wè anvan,
- Chomaj ak lamizè k ap frape fanmi yo.

Tout sitiyasyon ak fenomèn sila yo fè popilasyon an viv nan lapérez. Konsa, Lapè pa kapab tabli tout bon vre nan peyi a.

### **Men sa ki lakòz sitiyasyon kè kase sa a:**

- Lapolis poko deside bay popilasyon an sekirite.
- Aparèy jidisyè a ki an feblès e ki lakòz anpil enpinite.
- Lit pou pouvwa politik, san pa gen yon vizyon tout bon vre pou sosyete a.
- Sitiyasyon ekonomik peyi a ki toujou grav lakòz bezwen fondamantal moun yo pa janm rive satisfè.
- Entolerans pou kesyon politik ak relijyon,
- Kòripsyon nan enstitisyon Leta yo,

### **Devan tout pwoblèm sa yo, bati Lapè nan peyi a mande plizyè bagay.**

- Dwe gen relasyon ki kòrèk nan mitan moun ak moun anndan sosyete a, menm si yo gen **Nou deside kontinye denonse tout sitiyasyon kote yo vyole dwa moun** dwa gen panse, kwayans ak lide politik diferan. Nou vle wè diferans yo nan mitan moun tankou yon riches.
- Dwe gen yon vizyon pou devlopman peyi a ki dwe ale pi lwen pase prete kòb aletranje, paske Lapè pa mache ak lamizè. Moun yo gen dwa viv kòm moun epi jwenn yon minimòm pou sa.
- Youn dwe pran responsablite li vizavi lòt anndan sosyete a. Konsa nou pa bezwen sèlman yon Gouvèman teknokrat, men yon Leta reyèl ki prezan sou teren an; yon sistèm lajistis ki pre sitwayen yo, ki pa fonksyone sou koripsyon; yon lapolis ki pwofesyonèl e ki deside pwoteje popilasyon an.
- Dwe gen respè pou anviwònman ak pou tout sa Bondye kre. Sa k ap pase nan Pik Makaya menase lavi tout Depatman Sid la. Konsa, pou gen Lapè fòk nou travay pou gen lavi pou pitit nou yo demen. Pou sa, nou dwe jere e pwoteje tout resous peyi a.

### **Nou menm ki te patisipe nan 7èm Asanble Jistis ak Lapè ki nan Dyosèz Okay la, men rezolisyon nou pran pou travay konstwi Lapè a :**

- Nou deside kontinye denonse tout sitiyasyon kote yo vyole dwa moun.
- Nou deside kontinye fè fòmasyon pou tout Ayisyen ka rive konprann yo se sitwayen nan yon peyi ki rele yo chèmèt chèmètès.
- Nou deside kontinye travay pou sistèm jistis la pran bon jan direksyon nan peyi a. Nou kontinye ap travay ak Fowòm sitwayen pou refòm jistis la.
- Nou deside ede moun anndan kominote yo rezoud konfli yo san gwo ponyèt.
- Nou ankouraje fanmi yo ak lekòl yo pou konstwi yon mantalite Lapè nan edikasyon y ap bay.

Finalman, Lapè pa posib kote youn pa tolere lòt, apresye lòt, renmen lòt. Konsa Lapè mande pou gen relasyon kòrèk nan mitan nou, pou tout moun jwenn plas, respè ak konsiderasyon yo merite nan sosyete a.

Okay, dimanch 29 daou 2004

48 delege pawas yo mete paraf yo

#	Non ak Siyati	Pawas
1	Agena Dominique	Okay
	Lucson Jean Louis	Cavaillon
	Cherival A. Roselaine	Cavaillon
	Joesse Jean	Cavaillon
	Yves Winefred Pierre	Aquin
	Roger Jn Germain	St-Jean du Sud
	Montout Sylvie	Chardonnières
	Décoste jh Emile	St-Jean du Sud
	Dorenard Vilenors	Bouzi
	Dorenard Asner	Bouzi
	Alerus Montiler	Bouzi
	Ferrier Delor	Fonds des Nègres
	Pierre Estinvil	Gros Marin
	Marcelin Lagoux	Torbeck
	Louiger Lise	Chardonnières
	Dorval Hérel	Rendel
	Despierre Rosana	Les Anglais
	Bataille Frero	Cathédrale
	Dolores Jn Charles	Les Anglais
	Lucien Raynauld	Torbeck
	Mme Gabrielle Moise	Chantal
	Charles Jules Lunès	Roche-a- Bateau
	Décembre Yvon	Aquin
	Dumesil Jean Renauld	Port-Salut
	Frasil Jacques	Port-a-Piment
	Neczius Elifaite	Aquin
	Beauge Jocelin	Fonds-des-Nègres
	Amecia Gabnel	Fonds-des-Nègres
	Alexis Montiler	Bouzi
	Yvon D. Medna	Chantal
	Dambreville Johnny	Fonds-des-Nègres
	Antoine Ytalienne	Chardonnières
	Patrick Théodore	Port-a--Piment
	Claude Fils-Aime Moussignac	Cayes ( Cathédrale)
	Lélus Jn Baptiste	Sucrerie
	Joseph Glanel Jean Denis	Coteaux
	Marthe Josil	Rendel
	Joseph Catherine	Cayes ( Cathédrale)
	Lafaque Magdala	Laborne
	Neptune Bona	Laborne
	Sirius Desidieu	Ducis

	Yves Guerlin Slyné	Cathédrale
	Orizon marjorie	Port-Salut
	Verdier Mie Prosperette	St Jean du Sud
	Roger Jn Luckner	Ducis